

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE "ACHÈVMAN" NOUVO ARÈN ISLANDERS LA NAN BELMONT PARK

Arèn UBS la ki resevwa finansman prive 1.3 milya dola pral sèvi tankou kay pèmanan New York Islanders

Avèk gwo etap nan konstriksyon sa a, pwojè a prevwa ouvri anvan sezon Lig Nasyonal Hockey 2021-22 a -- Malgre pwoblèm pandemi COVID-19 la te lakòz

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a "achèvmàn" Arèn UBS la, nouvo kay New York Islanders nan Belmont Park. Prezidan Konsèy Empire State Development, Steven M. Cohen, ak Komisè Pwovizwa Eric Gertler te mete ak Komisè Lig Nasyonal Hockey a Gary Bettman ak ko-pwopriyetè Islanders Jon Ledecky pou mete pout asye ki pi wo a anlè nouvo arèn lan, sa ki make yon gwo etap nan konstriksyon pwojè a, ki rete pwograme pou ouvri anvan sezon Lig Nasyon Hockey 2021-2022 an malgre pwoblèm pandemi COVID-19 la te lakòz.

"Islanders se ekip Long Island epi merite yon kay pèmanan isit la pami fanatik yo. Jodi a, n ap fè yon lòt gwo pa pou pèmèt sa tounen yon reyalite, pandan n ap konstwi yon lavni ki meyè pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan New York, nou montre plizyè fwa deja nou ka reyalize gwo pwojè malgre difikilte yo -- epi fas ak reta ki gen rapò ak pandemi kowonaviris la, ekip Belmont an te entèvni pou kontinye pwojè transfòmasyonèl sa a selon kalandriye a. Arèn sa a pral ranfòse ekonomi nou an epi se prèv -- an asye ak beton -- ke New York pral rekonstwi pi byen apati kriz sa a".

"Jodi a make yon lòt gwo etap nan pakou ouvèti kay Islanders pou sezon 2021-22 a", **Komisè NHL la, Gary Bettman te deklare.** "Okenn moun - espesyalman fanatik fidèl Islanders yo - pa kapab tann pou wè ekip la k ap patine sou glas Arèn UBS eksepsyonèl la. Pandan tan sa a, nou sezi wè vizyon pwopriyetè Islanders yo, Scott Malkin ak Jon Ledecky, Oak View Group ak Gouvènè Cuomo, ak fason yo te travay ansanm pou pèmèt vizyon sa a tounen reyalite - menm nan pati respekte kalandriye a pandan moman konplike sa yo".

"Arèn UBS la fyè pou sèvi kòm yon fa espwa pou kominote a ak ekonomi New York", **Ko-Pwopriyetè Ekip Islanders la, Jon Ledecky te deklare,** "Gwo etap jodi a pa t ap posib san vizyon, sipò ekstraòdinè ak angajman inebnanlab Gouvènè Cuomo".

Arèn UBS nan Belmont Park pral akeyi New York Islanders apati sezon 2021-2022 a epi se pyès prensipal Pwojè Reyamenajman Belmont Park 1.3 milya dola a, ki gen ladan tou yon otèl, espas pou biwo, ak vilaj vant an detay klas mondyal. Ansanm ak pwojè a, MTA ap konstwi yon nouvo estasyon LIRR nan Elmont -- premye estasyon

nouvo, atanplèn LIRR ki konstwi depi plizyè deseni. Pifò depans estasyon an ap fèt apati finansman prive devlopè arèn lan. Konstriksyon sou arèn lan te retade pandan de mwa lè COVID-19 la te ogmante nan New York epi biznis ki pa esansyèl yo te fèmen, men kounye a li tounen nan kalandriye a.

Prezidan ESD Konsèy la, Steven M. Cohen, te deklare, "Pwojè Belmont lan pral ankouraje kwasans ekonomik nan Long Island ak bay yon enstalasyon klas mondyal pou New York Islanders ke yo ka rele lakay, epi gwo etap sa a se yon testaman pou pwogè eksepsyonèl ki ankou a. Anba lidèchip Gouvènè a, Eta New York ap fè avanse pwojè istorik yo nan tout eta a ki pral kreye travay, pèmèt ekonomi nou an avanse, ak fè ladiferans nan lavi moun".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo delege pou ESD, Eric Gertler, te deklare, "ESD fyè ak kontan pou gwo pwogrè k ap fèt nan Belmont Park, piske Arèn UBS la fè yon pa pi pre pou li fini. Gras ak vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, nouvo kay Islanders yo gen pou tounen yon reyalite byen vit -- sa ki rann ansyen fanatik hockey yo kontan epi ranfòse ekonomi an atravè travay ki ajoute ak resèt sou taks ki pral benefisye ekonomi Long Island lan".

"Nou fyè pou nou aliyen nou ak espò ak espas amizman New York ki pi resan an", **Michael Dowling, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Northwell te di.** "Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Arèn UBS la sou wout pou tounen youn nan enstalasyon ki pi modèn nan peyi a. New York, ak espesyalman Long Island, se lakay plizyè milye pasyan ak anplwaye nou yo. Avèk 25,000 anplwaye k ap viv toupre Arèn UBS la, patenarya sa a pèmèt nou ranfòse angajman nou pou sèvi kominote a epi nou pa ka tann pou devlope pwogram alavni pou sante ak byennèt avèk Arèn UBS ak New York Islanders".

Premye anonse nan desanm 2017, Pwojè Reyamenajman Belmont lan ap transfòme 17 ekta tere pakin ki pa itilize nan Belmont Park pou tounen espò ak destinasyon ospitalite prensipal. Yo prevwa ke konstriksyon arèn lan, vilaj vant an detay ak otèl la ap kreye 10,000 travay ak jenere 2.7 milya dola aktivite ekonomik. Yon fwa li fini, yo prevwa pwojè a pral soutni 3,200 nouvo travay atanplèn, ak pwodui 858 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl epi jenere plizyè dizèn milyon dola nan nouvo resèt taks anyèl.

Reyamenajman Belmont lan ap konplèman plizyè milya dola yo te envesti nan Long Island depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon - sa k ap sipòte enstitisyon akademik ak rechèch ki gen klas mondyal rejyon an, revitalize sant vil yo, ranfòse sektè agrikilti, fabrikasyon, ak syans lavi yo, amelyore enfrastruktir yo epi envesti nan endistri touris rejyon an.

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, "Jodi a se yon gwo etap an avan nan transfòmasyon Belmont Park pou tounen yon enstalasyon klas mondyal pou ospitalite ak espò. Anons sa a posib gras ak travay di manm sendika nan zafè bilding ki, malgre pandemi global la, vini

chak jou pou fè travay la. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi pou vizyon ak lidèchip li nan pwojè sa a. New York ap tounen pi djanm ke jamè akòz Gouvènè Cuomo konprann ke pwojè enfrastrikti sou gwo anplè sa a ankouraje kreyasyon travay ak kwasans ekonomik pou plizyè deseni k ap vini".

Prezidan NSBCTC, Matty Aracich, te deklare, "Fini Arèn New Islanders Belmont Park la reprezante yon gwo etap pou gwo pwojè sa a epi reprezante angajman Gouvènè Cuomo pou rekonstwi pi byen ke anvan. COVID-19 la te lakòz defi san parèy, sepandan anyen pa ka kanpe komèsan gason ak fanm ki travay di nan zafè bilding ak konstriksyon yo ki gen entansyon remèt pyès enfrastrikti enpòtan sa a alè. Gras ak lidèchip ekstraòdinè Gouvènè Cuomo, enstalasyon modèn Belmont lan pral bay Nouyòkè yo travay ki byen peye, ranfòse ekonomi lokal la ak sèvi kòm yon senbòl k ap briye pou rejyon an devlope ankò. Konsèy Konte Nassau ak Suffolk nan Zafè Bilding ak Konstriksyon fyè anpil pou fè patenarya ak Ekip Devlopman nan Arèn Belmont Park la".

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Belmont Park gen potansyèl pou pote gwo chanjman nan kominote nou an epi mwen fyè pou wè bèl pwogrè sa a nan devlopman li. Mwen pa ka tann pou mennen Islanders lakay ak pou arèn lan se yon motè ekonomik pou Konte Nassau".

Senatè Anna M. Kaplan te deklare, "pandan New York kontinye rekipere nan pandemi COVID la, monte nouvo kay Islanders la nan Belmont se yon rapèl gwo bagay Nouyòkè yo ka reyalize, menm pandan moman difisil yo. Mwen fyè anpil pou wè Islanders k ap vini lakay nan distri mwen an, epi mwen rekonesan pou Gouvènè Cuomo ak tout travayè yo kote vizyon ak efò yo pèmèt sa ap rive fèt".

Senatè Leroy Comrie te deklare, "Eksperyans Hockey nan Long Island lan sou wout pou pase nan yon lòt nivo nèt avèk Arèn modèn UBS la. Nouvo atraksyon sa a nan Belmont Park pral pote enèji ak lajwa kay fanatik orijinal Islanders yo".

Manm Asanble Clyde Vanel te deklare, "Nouvo arèn sa a se pral lakay pwochen jenerasyon gwo jwè hockey yo, ki sèvi pou atire nouvo ak ansyen fanatik yo, epi jenere nouvo investisman ak opòtinite ekonomik nan rejyon an. Gwo etap jodi a se yon etap enpòtan pou mennen Islanders lakay, epi mwen kontan anpil pou wè pwogrè pwojè sa a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li anvè Long Island, ak Empire State Development pou èd yo nan pèmèt pwojè sa a tounen yon reyalitye".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Jodi a n ap fini yon nouvo kay pou New York Islanders, sa ki make yon lòt gwo etap pou Nassau. Pwojè sa a ap pote pou Nassau yon arèn klas monadyal ki pral jenere plizyè travay ak plizyè milya nan aktivite ekonomik, epi se ap premye estasyon atanplen Chemennfè Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) nan prèske 50 ane. Di babay ak Tè Non an - n ap grandi ankò, n ap konstwi ankò, epi Isles ap tounen lakay pou toutbon. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak egzekisyon pwojè sa a, ansanm ak tout òganizasyon Islanders la".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)